# Министрлер Кеңеси Баслығы Қахраман Сариев пуқараларды қабыл етти

Image not found or type unknown

Бүгинги күнде халықтың жасаў шараятын жақсылаў, оларға қолайлы имканиятлар жаратыў менен бирге машқалаларын ҳәр тәреплеме үйрениў ҳәм оны нәийжели сапластырыў баслы мәселеге айланған.

14-октябрь күни Министрлер Кеңеси Баслығы Қахраман Сариев өз машқалалары менен келген пуқараларды қабыл етти.  Онда пуқаралар тәрепинен кредит алыў ҳәм субсидия ажыратылыўына, турақ-жай менен тәмийинлеў мәселеси, баланы мектепке шекемги  билимлендириў мәкемесине жайластырыў ҳәм тәбийғый газ тармағын тартып бериў бойынша мүрәжат етти.

Билдирилген мүрәжатлар бойынша тийисли тараў қәнигелеринен мағлыўматлар алынып, ҳәр тәреплеме таллаў жасалды ҳәм унамлы шешим қабыл етилди.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети